



Focus 2050
MBTA'S PROGRAM FOR MASS TRANSPORTATION



Planifikasyon pou Avni MBTA

Desizyon nou pran jodi a pral detèmine kijan moun deplase nan Massachusetts pandan plizyè dizèn ane k ap vini yo. Focus 2050 pral etabli direksyon alontèm pou yon MBTA ki pi an sekirite, ki pi fyab, epi ki pi aksesib rive jiska ane 2050.

Kisa Focus 2050 lan ye?

Focus 2050 se plan envestisman alontèm MBTA pou transpò piblik, ki pral konsantre sou:

- Konekte plan estratejik MBTA a ak pwogram envestisman kapital la.
- Idantifye priyorite envestisman ak amelyorasyon posib nan enfrastrikti yo jiska ane 2050.
- Ale pi lwen pase bezwen jodi a pou prepare sistèm nan pou kwasans alavni, enpak klima, ak chanjman nan fason moun deplase.

Plan an pral gide MBTA, MassDOT, ak responsab politik yo pandan y ap pran desizyon ki afekte pasaje yo, kominote yo, ak ekonomi rejyonal la.

Patisipasyon ou enpòtan.

Konsiltasyon piblik la ap kontinye, epi n ap gen de etap kote n ap fè plis aktivite sansibilizasyon.

Kijan w ka patisipe?

Opinyon ou enpòtan pou ede detèmine lavni transpò piblik la. Men kijan ou ka patisipe:

- Asiste reyinyon vityèl oswa reyinyon an pèsòn yo
- Vizite tablo enfòmasyon ki nan estasyon MBTA yo
- Voe kòmantè w yo pa imèl

Nou ankouraje pasaje yo, òganizasyon defans dwa moun yo, minisipalite yo, ak gwoup kominotè yo pou kolabore avèk nou pandan tout pwosesis la.

Aprann plis: **[MBTA.com/focus2050](https://www.mbta.com/focus2050)**

Kontak: **focus2050@mbta.com**



Massachusetts Bay
Transportation Authority

Tell us what you need from the MBTA

Help us prioritize and grapple with tradeoffs

